

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab téh, dipedar ngeunaan rupa-rupa hal anu patali jeung métode panalungtik dina ngararancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan anu ngawengku: (1) métode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) sumber data, (4) téhnik panalungtikan, jeung (5) instrumén panalungtikan.

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Dina nyangking data-data di lapangan, diperlukeun métode anu luyu pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Ngaliwatan éta métode, data-data panalungtikan téh dikumpulkeun, dianalisis, ditapsirkeun, jeung dicindekkeun hasilna kalayan sistematis. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun pamarekan kualitatif, sedengkeun métode anu digunakeun téh nyaéta métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 3), métode déskriptif téh nyaéta métode anu miboga tujuan pikeun ngagambarkeun data atawa kaayaan sabenerna anu aya di lapangan, anu tuluy éta data téh disusun dina wangun laporan. Cindekna, metode déskriptif téh dipaké pikeun maluruh data, fakta, jeung informasi objék anu ditalungtik sangkan bisa dianalisis kalayan sistematis, tur didéskripsikeun hasilna dina wangun laporan tinulis. Dina ieu panalungtikan mah, éta métode téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun struktur carita, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., pikeun alternatif bahan ajar aprésiasi sastra Sunda di SD.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Dina ngalaksanakeun panalungtikan, perlu aya panduan sacara sistematis sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal kalawan lancar. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 90), desain panalungtikan téh nyaéta rarancang anu disusun ku panalungtik salaku panduan dina ngalaksanakeun panalungtikan. Éta rarancang atawa desain téh, mangrupa gambaran konsép léngkah-léngkah panalungtikan anu dilaksanakeun.

Desain dina ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun


Ema Rohimah, 2022

*SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

struktur carita, ajén atikan karakter jeung étnopédagogi anu aya dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., pikeun alternatif bahan ajar sastra Sunda di SD. Gurat badag desain ieu panalungtikan téh baris digambarkeun dina wangun bagan.

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta saperti ieu di handap.

- a) Nangtukeun pasualan anu baris dianalisis, nyaéta maluruh struktur carita (galur, tokoh jeung penokohan, téma, latar, moral, stile), ajén atikan karakter jeung

étnopédagogi anu aya dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., upama dijadikeun alternatif bahan pangajaran sastra Sunda di SD.


- b) Milah-milah carita budak anu aya dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., pikeun dijadikeun objék panalungtikan, dumasar kana témana;
- c) Maca, nalaah, jeung nganalisis struktur carita, ajén atikan karakter jeung étnopédagogi anu aya dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M..
- d) Ngelompokkeun jeung ngadéskrisikeun data hasil analisis panalungtikan.
- e) Nyieun kacindekan data hasil panalungtikan.
- f) Nyusun laporan hasil panalungtikan.

### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Dina unggal panalungtikan, informasi fakta-fakta di lapangan anu baris dianalisis téh kaasup kana sumber data. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 172) anu nétélakeun yén sumber data dina panalungtikan téh nyaéta subjék tina data-data anu dicangking. Sumber data dina ieu panalungtikan téh mangrupa dokumén, nyaéta sagemblengna carita dina buku *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M..

#### Gambar 3.1

#### Cover Séri Carita Budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M.



Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK *JANG ADUL SABATUR-BATUR* KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Judul : *Jang Adul Sabatur-batur*  
 Pangarang : Usép Romli H.M.  
 Pamedal : PT Kiblat Buku Utama  
 Citakan : kahiji, Désémber 2019  
 Jumlah kaca : 72 kaca  
 Ukuran : 21 cm

*Jang Adul Sabatur-batur* téh séri carita budak karangan Usép Romli H.M., anu nyaritakeun Jang Adul minangka palaku utamana. Dina ieu buku téh ngawengku 28 judul carita budak anu témamana béda-béda tapi palaku utamana tetep sarua. Tina 28 carita téh, réréana nyaritakeun ngeunaan kahirupan sapopoé Jang Adul di lingkungan sabudeureunana, saperti di sakola, di masjid, di imahna, jeung di lingkungan lemburna. Dina sakabéh carita téh katitén pisan karakter Jang Adul minangka budak anu umurna saumur anggota pramuka “Siaga” téh, dipangaruhan pisan ku kaayaan lingkungan kulawarga jeung masarakat di lemburna. Réa pisan ajén atikan karakter picontoeun barudak, sabab ngagambarkeun kahirupan budak anu kajadian di dunya nyata.

Éta séri carita budak téh ngawengku 28 judul carita anu nyaritakeun kahirupan sapopoé Jang Adul jeung kulawarga, ogé babaturanna dina rupa-rupa kaayaan, latar, jeung téma anu béda-béda. Éta judul-judul caritana téh nyaéta 1) “Jadi Pramuka”, 2) “Kahuruan”, 3) “Du’a Ménta Hujan”, 4) “Dipuput Haseup”, 5) “Ngurus Ingon-Ingon”, 6) “Budak Leutik Bisa Ngapung”, 7) “Banjir Cileuncang”, 8) “Salamat Tina Mamala”, 9) “Hujan Munggaran”, 10) “Usum Sasalad”, 11) “Longsor”, 12) “Tatangalan Panonoban Cai”, 13) “Caah Saliwat”, 14) “Élmu Tungtut Dunya Siar”, 15) “Ngaran Bilangan”, 16) “Waduk Jatigedé”, 17) “Karéta Kilat”, 18) “Diajar Lalaguan Daérah”, 19) “Hujan Angin di Madinah”, 20) “Jalma Mahiwal”, 21) “Pancakaki”, 22) “Pangpentingna”, 23) “Moro Papatong”, 24) “Pérsib Juara”, 25) “Reungit”, 26) “Tatarucingan”, 27) “Taun Anyar”, jeung 28) “Usum Nguyang”.

Ema Rohimah, 2022

**SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEÐAGOGI)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tina éta data, henteu sakabéh buku baris dianalisis, ku kituna ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik sampling *purposive sample*. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 173-185) populasi nyaéta sakabéh subjék panalungtikan, sedengkeun sampel nyaéta sabagian populasi anu rék ditalungtik. Téhnik sampling dibagi jadi dalapan, nyaéta téhnik sampel acak, téhnik sampel strata, téhnik sampel wilayah, téhnik sampel proporsi, téhnik sampel anu mibanda tujuan nu tangtu (*purposive sample*), téhnik sampel kelompok, jeung téhnik sampel kembar.

Dina ieu panalungtikan mah ngagunakeun téhnik *purposive sample* atawa téhnik sampel anu mibanda tujuan nu tangtu. Maolani, spk. (2015, kc. 39) nétélakeun yén ciri-ciri sampel anu diobsérvasi minangka indikator ciri populasi téh, kudu bener-bener répréséntatif atawa ngawakilan. Tina 28 judul carita, dipilih 10 carita anu dijadikeun objék panalungtikan, dumasar kana téma anu tangtu. Tina 28 judul carita téh kapanggih aya téma-téma anu sarua, ku kituna panyusun milih carita-carita anu béda-béda témana sangkan variatif, jeung dianggap geus ngawakilan téma-téma anu dipidangkeun dina sakabéh carita anu jadi sumber data panalungtikan.

Dumasar kana interprétasi panyusun, dipilih 10 judul carita anu dijadikeun objék panalungtikan anu geus ngawakilan tina sakabéh variasi téma anu kapanggih.. Éta 10 objék panalungtikan téh nyaéta 1) “Jadi Pramuka”, 2) “Kahuruan”, 3) “Dipuput Haseup”, 5) “Ngurus Ingon-Ingon”, 6) “Hujan Munggaran”, 7) “Tatangalan Panonoban Cai”, 8) “Élmu Tungtut Dunya Siar”, 9) “Ngaran Bilangan”, jeung 10) “Karéta Kilat”.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis struktur carita (galur, tokoh jeung penokohan, téma, latar, moral, stile), ajén atikan karakter jeung étnopédagogi anu aya dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SD. Struktur carita anu dianalisis dumasar kana tiori Nurgiyantoro (galur, tokoh jeung penokohan, téma, latar, moral/amanat, stile). Ajén atikan karakter dianalisis dumasar komponén catur tunggal watak olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinéstétik, sarta olah rasa jeung karsa anu nuduhkeun moral kamanusaan (MM), anu ngawengku (1) Moral manusa ka

Pangéran (MMT); (2) Moral manusa ka diri pribadi (MMP); (3) Moral manusa ka papada manusa (MML); (4) Moral manusa ka alam (MMA); (5) Moral manusa ka waktu (MMW); jeung (6) Moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB). Ulikan étnopédagogi dianalisis dumasar tiori Alwasilah, nyaéta étnopédagogi anu patali jeung lingkungan hirup, sistem kapercayaan, ékonomi jeung tatanén, sarta kakawihan jeung kaulinan barudak.

### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta cara atawa léngkah tina métode anu dipaké pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, anu ngawengku dua tahapan, nyaéta (1) téhnik ngumpulkeun data anu tujuanna meunangkeun sakabéh data panalungtikan, jeung (2) téhnik ngolah data anu mangrupa téhnik ngolah sakabéh data panalungtikan anu geus kakumpulkeun, pikeun meunangkeun hasil panalungtikan.

#### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik studi dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina wangun dokumén, nyaéta buku séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli. H.M.. Data anu dikumpulkeun téh nyaéta struktur carita, ajén atikan karakter, jeung ajén étnopédagogina. Struktur carita anu dianalisis téh ngawengku galur, tokoh jeung penokohan, téma, latar, moral/amanat, stile. Ajén atikan karakter baris dianalisis dumasar komponén catur tunggal watak olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinéstétik, sarta olah rasa jeung karsa anu nuluhkeun moral kamanusaan (MM), anu ngawengku (1) Moral manusa ka Pangéran (MMT); (2) Moral manusa ka diri pribadi (MMP); (3) Moral manusa ka papada manusa (MML); (4) Moral manusa ka alam (MMA); (5) Moral manusa ka waktu (MMW); jeung (6) Moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB). Ulikan étnopédagogi dianalisis dumasar tiori Alwasilah, nyaéta étnopédagogi anu patali jeung lingkungan hirup, sistem kapercayaan, ékonomi jeung tatanén, sarta kakawihan jeung kaulinan barudak.

Ema Rohimah, 2022

**SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEĐAGOGI)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Anapon léngkah-léngkah dina ieu téhnik ngumpulkeun data téh nyaéta:

- 1) Nangtukeun pasualan anu baris dianalisis, nyaéta meunangkeun data ngeunaan struktur carita, ajén atikan karakter jeung étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M..
- 2) Maca sagemblengna séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M..
- 3) Milih carita anu baris dianalisis dumasar kana variasi témana.

### 3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta léngkah anu dilaksanakeun sabada data geus kakumpulkeun ngaliwatan studi dokuméntasi. Dina ngolah data anu geus dikumpulkeun, ngagunakeun téhnik analisis data anu gunana pikeun nganalisis éta data sarta ditalaah nepi ka meunangkeun data struktur carita, ajén atikan karakter, jeung étnopédagogi dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M.. Anapon léngkah-léngkah dina ngolah éta data téh nyaéta saperti di handap.

- 1) Maca, nalaah, jeung nganalisis struktur carita karya anu geus dipilih dumasar kana tiori Nurgiyantoro anu ngawengku (palaku, galur, latar, téma, moral, puseur sawangan, jeung stile,).
- 2) Nganalisis ajén atikan karakter baris dianalisis dumasar komponén catur tunggal watak olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinéstétik, sarta olah rasa jeung karsa. Ulikan étnopédagogi baris ngagunakeun tiori Alwasilah anu aya dina buku *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M.
- 4) Nyusun hasil analisis kana format kartu data jeung tabél hasil analisis panalungtikan anu geus ditangtukeun.
- 5) Nangtukeun karya anu luyu dijadikeun alternatif bahan ajar carita pondok di SD, dumasar kana hasil analisis struktur carita, ajén atikan karakter, étnopédagogi, jeung padika milih bahan ajar.
- 6) Ngadéskripsikeun jeung nyieun kacindekan hasil panalungtikan.

Ema Rohimah, 2022

**SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

7) Nyusun laporan hasil panalungtikan.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan téh minangka alat anu digunakeun panalungtik dina ngolah data. Luyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 203) anu nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké ku panalungtik nalika ngumpulkeun data panalungtikan, sangkan éta data téh leuwih lengkep, sistematis, jeung babari diolahna. Anapon instrumén anu dipaké dina studi dokuméntasi mah bisa mangrupa céklis atawa sistematika data hasil analisis. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun instrumén sistematika atawa format data hasil analisis, anu mangrupa kartu data jeung céklis tabél hasil analisis. Sakabéh data panalungtikan dikumpulkeun jeung diasupkeun kana format kartu data, tuluy hasil analisisna disusun kana format tabél. Éta format kartu data jeung tabél téh kaunggel saperti ieu di handap.

#### 3.5.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data panalungtikan téh ngagunakeun kartu data.

##### 3.5.1.1 Kartu Data Struktur Carita

<b>Kode Data:</b> (1/I/A/30/3-4), (1/I/B/30/3-4), (1/I/C/30/3-4), (1/I/D/30/3-4), (1/I/E/30/3-4), (1/I/F/30/3-4), (1/I/G/30/3-4)
<b>Data:</b>

Keterangan Kode Data: (1/I/A/30/3-4)

- 1 : nuduhkeun struktur carita
- I : carita kahiji “Jadi Pramuka”
- II : carita kadua “Kahuruan”

Ema Rohimah, 2022

*SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEÐAGOGI)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



- III : carita katilu “Du’a Ménta Hujan”
- IV : carita kaopat “Dipuput Haseup”
- V : carita kalima “Ngurus Ingon-Ingon”
- VI : carita kagenep “Hujan Munggaran”
- VII : carita katujuh “Usum Sasalad”
- VIII : carita kadalapan “Tatangkalan Panonoban Cai”
- IX : carita kasalapan “Élmu Tungtut Dunya Siar”
- X : carita kasapuluh “Karéta Kilat”
- A : nuduhkeun palaku
- A1/2/3 : nuduhkeun palaku utama kahiji, kadua jeung saterusna
- AT : nuduhkeun palaku tambahan
- AT1/2 : nuduhkeun palaku tambahan kahiji, kadua jeung saterusna
- B : nuduhkeun galur
- C : nuduhkeun latar
- CW : nuduhkeun latar waktu
- CW1/2 : nuduhkeun latar waktu kahiji, kadua jeung saterusna
- CT : nuduhkeun latar tempat
- CT1/2 : nuduhkeun latar tempat kahiji, kadua, jeung saterusna
- CS : nuduhkeun latar sosial
- D : nuduhkeun téma
- E : nuduhkeun moral/amanat
- F : nuduhkeun puseur implengan
- G : nuduhkeun stile
- 30 : nuduhkeun kaca
- 3-4 : nuduhkeun paragraf

### 3.5.1.2 Kartu Data Ajén Atikan Karakter

<b>Kode Data:</b> (2/I/OH/30/3-4), (2/I/OP/30/3-4), (2/I/ORK/30/3-4), (2/I/ORKA/30/3-4)
<b>Data:</b>

Katerangan Kode Data: (2/I/OH/30/3-4)

- 2 : nuduhkeun ajén atikan karakter
- I : carita kahiji “Jadi Pramuka”
- II : carita kadua “Kahuruan”
- III : carita katilu “Du’a Ménta Hujan”
- IV : carita kaopat “Dipuput Haseup”
- V : carita kalima “Ngurus Ingon-Ingon”
- VI : carita kagenep “Hujan Munggaran”
- VII : carita katujuh “Usum Sasalad”
- VIII : carita kadalapan “Tatangalan Panonoban Cai”
- IX : carita kasalapan “Élmu Tungtut Dunya Siar”
- X : carita kasapuluh “Karéta Kilat”
- OH : nuduhkeun karakter olah hati
- OP : nuduhkeun karakter olah pikir
- ORK : nuduhkeun karakter olah raga jeung kinéstétik
- ORKA : nuduhkeun karakter olah rasa jeung karsa
- 30 : nuduhkeun kaca
- 3-4 : nuduhkeun paragraf

### 3.5.1.3 Kartu Data Étnopédagogi

<b>Kode Data:</b> (3/I/LH/30/3-4), (3/I/SK/30/3-4), (3/I/ET/30/3-4), (3/I/KKB/30/3-4),
<b>Data:</b>

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEĐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan Kode Data: (3/I/LH/30/3-4)

- 3 : nuduhkeun ajén étnopédagogi  
 I : carita kahiji “Jadi Pramuka”  
 II : carita kadua “Kahuruan”  
 III : carita katilu “Du’a Ménta Hujan”  
 IV : carita kaopat “Dipuput Haseup”  
 V : carita kalima “Ngurus Ingon-Ingon”  
 VI : carita kagenep “Hujan Munggaran”  
 VII : carita katujuh “Usum Sasalad”  
 VIII : carita kadalapan “Tatangkalan Panonoban Cai”  
 IX : carita kasalapan “Élmu Tungtut Dunya Siar”  
 X : carita kasapuluh “Karéta Kilat”  
 LH : nuduhkeun étnopédagogi lingkungan hirup  
 SK : nuduhkeun étnopédagogi sistem kapercayaan  
 ET : nuduhkeun étnopédagogi ékonomi jeung tatanén  
 KKB : nuduhkeun étnopédagogi kakawihan jeung kaulinan barudak  
 30 : nuduhkeun kaca  
 3-4 : nuduhkeun paragraf

### 3.5.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data ieu panalungtikan téh nyaéta tabél.

**Tabél 3.1**

#### **Format Tabél Padika Milih Bahan Ajar**

No.	Kritéria Bahan Ajar						Ket.
	<i>Validitas (Tingkat Luyuna Matéri)</i>	<i>Keberartian (Tingkat Kapentingan Matéri)</i>	<i>Relevansi (Saluyu jeung Kapentingan Siswa)</i>	<i>Kemnarikan (Ngirut)</i>	<i>Kepuasan (Mangpaat)</i>	<i>Validitas (Tingkat Luyuna Matéri)</i>	

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEĐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Kritéria Bahan Ajar						Ket.
	<i>Validitas</i> (Tingkat Luyuna Matéri)	<i>Keberartian</i> (Tingkat Kapentingan Matéri)	<i>Relevansi</i> (Saluyu jeung Kapentingan Siswa)	<i>Kemenarikan</i> (Ngirut)	<i>Kepuasan</i> (Mangpaat)	<i>Validitas</i> (Tingkat Luyuna Matéri)	

Ema Rohimah, 2022

*SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

**Tabél 3.2**  
**Format Tabél Struktur Carita**

No	Judul Carita	Palaku		Galur	Latar			Téma	Moral/ Amanat	Puseur Implengan	Stile
		Utama	Tambahan		Waktu	Tempat	Sosial				

**Tabél 3.3**  
**Format Tabél Ajén Atikan Karakter**

No.	Sikep	Palaku	Watek	Catur Tunggal Watak				Moral Kamanusaan					
				Olah Hati	Olah Pikir	Olah Raga jeung Kinés tétik	Olah Rasa jeung Karsa	Moral Manusa ka Pangéran (MMT)	Moral Manusa ka Diri Pribadina (MMP)	Moral Manusa ka Sasama (MML)	Moral Manusa ka Alam (MMA)	Moral Manusa kana Waktu (MMW)	Moral Manusa dina Meunangkeun Kasugemaan Lahir jeung Batin (MMLB)